



AKAO

Fondé le 10 Mars 2009
Fòs Pwogrè a se mas yo

Nòt pou Laprès - POZISYON PATI AKAO SOU NÒT CORE GROUP LA

Pati AKAO pa sezi tandè nan laprès kijan Core Group ap mande pouvwa PHTK a òganize eleksyon an 2021 prese prese, pandan peyi a ap viv youn nan pi gwo kriz nan istwa li.

Pati AKAO pa sezi, paske se abitud Core Group sa a pou li foure bouch li tout longè nan zafè peyi a epi apiye tout vakabonday politik ak tout sanzave, sa ki ride Ayiti desann pi fon chak jou. Pati AKAO denonse pozisyon degrenngòch sa a. **Pèp ayisyen voye jete ak tout fòs li deklarasyon Core Group la, yon antite ki pa gen lejitimite pou l pale nan zafè peyi a.**

Pati AKAO konstate **kondisyon pa reyini pou pèp ayisyen an ale nan eleksyon pou yon latriye rezon yo, tankou** :

1. Prezidan Apredye foli pouvwa monte nan tèt li a deside, dèyè do lalwa epi ak konplisite Core Group la, pou li kraze konstitisyon li sèmante poul respekte a ;
2. Pa gen yon Konsèy Elektoral ki monte regilyèman, nan konsansis, **selon règ etik yo ak konstitisyon 1987 la ;**
3. Kat elektoral « Dermalog » la pa enspire okenn konfyans. Li fèt dèyè do lalwa e anpil sektè panse li fè pati yon sistèm Prezidan an monte pou PHTK an fanmi ak alye fè dappiyan sou eleksyon yo ;
4. Pa gen lwa elektoral ki pou fikse règ jwèt la e konstitisyon an pa bay prezidan an dwa pou li fè dekrè ;
5. Milis Politik ak gang ame pouvwa PHTK a federe yo, ke **BINUH ap fè lwanj pou yo nan reyinyon konsèy sekirite Nasyon Zini**, layite kò yo nan tout peyi a, pandan entimidasyon politik, laperèz, ensekirite, kidnapin ak masak blayi nan tout rakwen peyi a ;
6. Libète ak lavi moun pase anba pye chak jou, peyi a pran anba yon gwoup atoufè ak yon diktatè ki kraze, pran kontwol, oswa bride tout enstitisyon ;
7. Koripsyon gaye nan yon Leta ki avozòd yon Prezidan komisyon pou evalye frod, CIEV la, te mande diskalifye nan eleksyon 2015 la e ki pran pouvwa ak yon defisi lejitimite ;
8. Pèp Ayisyen, ki antre pi fon nan mizè ak rejim PHTK yo foure nan gojèt li depi 2011 yo epi k ap soufri de vyolasyon tout dwa li, konstate manda Prezidan an ap fini le 07 Fevriye 2021 selon konstitisyon 1987 amande a.


Tout peyi, an patikilye **Ayiti pou sa li reprezante nan listwa limanite, nan bay konsèp libète a vrè sans li genyen, merite respè tout diplomat nan kominote entènasyonal la.** Pati AKAO mande pou diplomat Core Group yo resezi yo, konfòme yo e respekte tout règ etik konvansyon entènasyonal sou relasyon diplomatik yo mande.

Pati AKAO envite tout sèktè vital nan peyi a nan konsètasyon ak dyalòg pou jwenn prese prese pi bon fòmil pou retire peyi a nan diktati ak malsite, epi defann aktif ak konkèt 07 fevriye 1986 yo.

Viv Ayiti ! Viv yon Peyi granmoun, yon Sosyete san fòs kote.

Pòtoprens, Jou ki 27 Novanm 2020

Pou Pati AKAO


Magali Comeau DENIS


Junot FÉLIX